

APRENDER SEMPRE

3º ANO ENSINO FUNDAMENTAL

MATEMÁTICA

Chè elèv e responsab,

Nan lide pou evite pwopagasyon nouvo kowonaviris la, pandan n ap prezève sante tout moun, aktivite nan lekòl yo sispann, yon fason pou diminye sikilasyon moun. Nan objektif pou pa entèwonpi etid ou, menm pandan peryòd sispansyon kou yo, Sekretarya Edikasyon Eta a te prepare yon materyèl pou sèvi w kòm sipò nan moman sa a.

Materyèl sa a divize an de pati: youn se Lang Pòtigè epi lòt la se Matematik. Nan yo, ou pral jwenn aktivite pou elaji konesans ou. Anplis de sa, gen 2 lòt dokiman ki akonpanye materyèl sa a: youn ki gen enfòmasyon sou COVID-19 la, lòt la menm gen oryantasyon ak sijesyon pou w òganize yon woutin etid epi kontinye aprann, menm si w pa ale nan lekòl la!

Lè kou yo retounen, l ap enpòtan pou w remèt pwofesè w la aktivite w fè yo. Konsa, ou pral kabab jwenn yon feedback sou aktivite ke w te rive fè yo, epi tou, ou pral kapab jwenn plis apwi.

Bòn etid!



Nome da Escola: _____

Nome do Aluno: _____

Data: __/__/2020

Ano/Turma 3º Ano EF _____

SEKANS 1 - JWÈT EPI JWE NAN KLAS LA


AKTIVITE 1

NINA GEN ANPPIL ZANMI NAN ZÒN KOTE L RETE A. LI TE FÈ YON RECHÈCH AK ZANMI L YO POU YO TE KA KONNEN KI JWÈT PREFERE YO.

1. GADE REZILTA YO:

TIP JWÈT YO	KANTITE VÒT
PULAR CORDA	4
JOGAR BOLA	8
QUEIMADA	10
AMARELINHA	2
OUTRAS	1

2. LI TE ITILIZE DONE YO KI NAN TABLO A EPI LI TE PREZANTE NAN YON GRAFIK KI GEN KOLONN:



3. REPONN **ORALMAN**: KI JWÈT KI PLIS VOTE EPI KIYÈS KI TE MWENS VOTE? KONBYEN VÒT "JOGAR BOLA" TE GENYEN? EPI JWÈT AMARELINHA A?

AKTIVITE 2

1. NINA T AP JWE PANDI AK ZANMI L YO. ÈSKE W KAPAB DEVINE CHIF LI PANSE KI POSIB?




Ilustração: Ana Rita da Costa

2. RANPLI TABLO A AK CHIF KI MANKE YO EPI PENTIRE KI POSIBILITE NINA TA KA PANSE:

300	301							308	309
				314	315	316			
320	321								329
330	331					336			339
340			343	344					349
350						356	357	358	359
360					365	366	367		
			373	374	375	376			
			383	384	385				



ATIVIDADE 3

1. NINA AK GUSTAVO RENMEN FABRIKE JWÈT¹. GADE JWÈT YO CHAK FABRIKE YO:

NINA	GUSTAVO
	
BOLA DE MEIA	DADO

Imagem: Fernanda Gomes

Ilustração: Joseane A. Ferreira

A. BOLA DE MEIA LA SANBLE AK:

B. DADO SANBLE AK:

SEKANS 2 - JIMKANA

Aktivite 1

NAN KOUS SAK LA, POU MAKE PWEN EKIP YO, NINA FÈ YON DWAT NIMERIK.

1. NOU PRAL DEKOUVRI NAN KI NONM SOU DWAT LA PASIPAN AN YE?



Ilustração: Joseane A. Ferreira

- A. KI JAN NINA METE NONM SOU DWAT NIMERIK LA?

2. OBSÈVE DWAT NIMERIK LA EPI DEKOUVRI NONM PANTISIPAN AN KACHE A:





Ilustração: Joseane A. Ferreira



AKTIVITE 2

NINA TE PATISIPE NAN JWÈT JIMKANA, LI TE GENYEN YON KOUS SAK EPI LI TE GENYEN YON JWÈT KAT AVÈK ADESIF.

1. NINA KOLE YON SEKANS ADEZIF YOUN DÈYÈ LÒT, MEN GEN DE KI TONBE. DESINE ADEZIF KI MANKE YO:



2. OBSÈVE LÒT SEKANS ADEZIF NINA KOLE YO, EPI DESINE SA KI MANKE YO:

A.



B.



3. GADE KIJAN NINA FÈ POU L KALKILE PWEN JIMKANA YO:

100	+	40	+	5	
100	+	30	+	4	
200	+	70	+	9	= 279

4. REZOUD ADISYON SA YO MENM JAN AK NINA, ITILIZE DEKONPOZISYON NIMERIK:

A. $114 + 112$

B. $120 + 111$

AKTIVITE 3

NAN JIMKANA A "QUEM MONTA MAIS RÁPIDO" DEFI A SE MONTE FIGI JEWOMETRIK, ITILIZE TI BWA YO KONN METE NAN KRÈM YO, KI GEN PLIZYÈ TAY.

1. GADE SA NINA TE RIVE FÈ NAN SENK MINIT:




Ilustração: Joseane A. Ferreira

KONBYEN KOTE CHAK FIGI NINA FÈ YO GENYEN?



2. DESINE FIGI JEWOMETRIK KI GEN SENK KOTE YO, EPI ITILIZE TI BWA KI KONN NAN KRÈM YO:



AKTIVITE 4

MACHE, TOU PRE KAY NINA A, TE FÈ YON KANPAY "QUEBRE O SEU COFRINHO" POU MOUN YO TE KA TWOKE TI MONEN YO POU BIYÈ PAPYE.

1. NINA TE PATISIPE NAN KANPAY LA. ENDIKE BIYÈ PAPYE KI KORESPONN AK ECHANJ LI TE FÈ A:



A. E SI NINA TE RESEVWA BIYÈ SA YO APRE ECHANJ LAN:



Ilustração: Freepik

KI MONEN LI DWE TE KITE NAN MACHE A?

SEKANS 3 - ESPÒ PREFERE

AKTIVITE 1

1. RICARDO AK KAMARAD LI YO TE CHACHE ESPÒ PREFERE KLAS 3^{yèm} ANE A.

ESPÒ	VÒT
BASQUETE	☑ ☑
FUTEBOL	☑ ☑ ☑
NATAÇÃO	☑
VÔLEI	☑
HANDEBÒL	☑ ☑



2. EKRI NAN TABLO KI ANBA A NON ESPÒ KE YO TE CHACHE YO:

ESPÒ	VÒT

AKTIVITE 2

1. PREZANTE, NAN YON GRAFIK KI GEN BA, REZILTA RECHÈCH GUSTAVO TE FÈ NAN KLAS LI A.


NATAÇÃO	
FUTEBOL	
BASQUETE	
VÔLEI	
TÊNIS	



AKTIVITE 3

GUSTAVO VLE KONPLETE KOLEKSYON KAT FOUTBÒL LI A, MEN LI MANKE KAT KI GEN KOULÈ METAL YO.

1. KONPLETE SEKANS YO EPI DEKOUVRI NONM KAT KOULÈ METAL GUSTAVO YO.



Ilustrações: Joseane A. Ferreira

2. KONSILTE 2 DWAT NUMERIK YO EPI REPONN:

A. NONM KI VIN ANVAN 536 SE

B. NONM KI VIN APRE A 421 SE

3. KI SEKRÈ KI GENYEN NAN SEKANS GUSTAVO DESINE A? PREZANTE PWOCHEN FIGI A:





AKTIVITE 4

1. DEKOUVRI SEKRÈ SEKANS GUSTAVO YO EPI KONPLETE YO:

						462	467
			530	531			
		620	625	630			

2. GUSTAVO TE GEN 3 KAT NIMEWOTE EPI LI TA RENMEN FÒME YON NIMEWO KOTE L AP UTILIZE TWA KAT YO YON SÈL FWA. EDE LI NAN TRAVAY SA A!

3	4	5
---	---	---

3. EKRI NONM SA YO:

SAN DIS	
DE SAN VEN	
TWA SAN TRANT	
KAT SAN KARANT	
SENK SAN SENKANT	

4. KI NONM, ANT 100 E 600, KI GEN TWA CHIF MENM JAN?

SEKANS 4 - MATERYÈL ESPÒTIF

AKTIVITE 1

GUSTAVO GEN 157 REAIS POU L ACHTE MAYO EKIP LI PI RENMEN AN, KI KOUTE 134 REAIS. LI BEZWEN KONNEN SI L AP GEN KÒB K AP RETE.

1. GADE KI JAN LI TE FÈ POU L TE KA DEKOUVRI SA A:



$$\begin{array}{r}
 100 + 50 + 7 \\
 100 + 30 + 4 \quad - \\
 \hline
 0 + 20 + 3 = 23
 \end{array}$$

2. KOUNYE A, REZOUDE SOUSTRAKSYON SA YO, ITILIZE DEKONPOZISYON NIMERIK, MENM JAN AK GUSTAVO:

A. $148 - 123$

B. $259 - 147$



C. $366 - 233$

D. $474 - 312$

3. GUSTAVO TE ALE NAN MAGAZEN EKIPMAN ESPÒTIF EPI LI TE WÈ YON TABLO KI ENDIKE PWODWI POU YO VANN NAN MWA A.



Ilustração: Joseane A. Ferreira

A. KI MATERYÈL KI TE VANN PLIS: BALON FOUTBÒL OU BYEN VOLEBÒL?

B. KONBYEN AN PLIS?

C. KI MATERYÈL KI TE MWENS VANN? MAYO VOLEBÒL OUBYEN BASKÈT?

D. KONBYEN AN MWENS?

AKTIVITE 2

1. NAN ESTÒK KI NAN MAGAZEN MATERYÈL ESPÒTIF LA, TE GEN 168 LINÈT POU NATASYON. NAN YON FEN SEMÈN, YO TE VANN 65. KONBYEN LINÈT NATASYON KI RETE?

2. ANDEDAN YON BWAT, NAN YON ESTÒK KI TE NAN YON MAGAZEN, TE GEN PLIZYÈ BOUL PING-PONG. YO TE VIN METE 102 ANPLIS EPI TE RETE 248. KONBYEN BOUL KI TE GEN NAN BWAT LA ANVAN?



3. NAN YON MAGAZEN MATERYÈL ESPÒTIF, GEN 106 INIFÒM NATASYON EPI 46 INIFÒM JIDO AN MWENS. KONBYEN INIFÒM JIDO KI GENYEN NAN MAGAZEN AN

AKTIVITE 3

SANT ESPÒTIF "ALFREDO INÁCIO TRINDADE" KI LOKALIZE NAN KATYE JARDIM SÃO PAULO OFRI KOU AK ANTRÈNMAN POU PLIZYÈ MODALITE DIFERANT. ANPIL ANTRENMAN ESPÒTIF FÈT NAN KARE.

1. KI ESPÒ KI ITILIZE TIP TEREN SA YO?




Ilustração: Joseane A. Ferreira

A. KI FIGI JEWOMETRIK KI SANBLE AK DESEN TEREN SA A?

2. KONPLETE EPI ENDIKE KANTITE KOTE AK KANTITE SOMÈ FIGI A GENYEN.

KOTE: SOMÈ: